



Pou Piblikasyon Imedya: 31/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENVESTISMAN 20 MILYON DOLA NAN PWOJÈ
KAPITAL POU ÒGANIZASYON ATISTIK AK KILTIRÈL**

***Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik la bay 116 Pri KaEnfòmasyon nan faz
finansman ane fiskal ajans lan***

***Finansman an ki etann sou 10 rejyon, yo atribye 60% nan 50 milyon dola a nan
finansman kapital NYSCA nan zòn ki pa nan Vil New York depi 2018***

***An 2022 NYSCA te akòde plis pase 100 milyon dola pou premye fwa nan listwa
ajans lan.***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yo te bay 116 milyon dola sibvansyon pou Pwojè Kapital atravè Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik la (New York State Council on the Arts, NYSCA). Nan faz finansman final Ane Fiskal 2022 ajans lan, NYSCA te bay 20 milyon dola nan tout eta a, ki mete sibvansyon total li pou ane a nan yon nivo istorik 100 milyon dola. Pwojè Kapital yo repati de renovasyon konstriksyon rive nan mizajou ekipman enpòtan ki bay sante ak mizajou sekirite priyorite. Sibvansyon sa yo reflekte lajè ak pwofondè sektè atistik Eta New York ak pwojè yo k ap favorize devlopman ekonomik, kwasans travay, ak aksè nan eksperyans atistik ak kilti nan toule 10 rejyon yo.

"Pwojè Kapital yo kreye espas ki pi sekirize, pi an sante epi pi aksesib atravè Eta New York," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan ankraj kiltirèl dinamik nou yo, rive nan sit istorik ki selebre yo, espas atistik ak kiltirèl nou yo reprezante orijinalite New York epi prezève istwa ak karaktè rich eta nou an. Felisitasyon ak tout benefisyè k ap anbake nan pwojè k ap pote transfòmasyon sa yo k ap demontre ke zèv atistik yo alafwa retounen epi ap pwospere."

Nan faz sa, NYSCA bay ti òganizasyon ak òganizasyon mwayen yo priyorite ansanm ak moun k ap aplike premye fwa pou Pwojè Kapital yo. Anplis 70 pri nan entèval 50,000 rive nan 1 milyon dola yo, NYSCA bay sipò siplemantè pou pwojè kapital atravè finansman lokal li a, ki bay 46 òganizasyon sibvansyon 10,000 dola pou mizajou ekipman ak amelyorasyon enstalasyon. Tout sibvansyon 10,000 dola yo sipòte bidjè fonksyonman ki pi ba pase 1 milyon dola, k ap mete montan total sibvansyon kapital yo

a 116. Majorite sibvansyon yo nan kategori 50.000 dola ak 1 milyon dola yo ap sipòte òganizasyon ki pa nan Vil New York.

Mara Manus, Direktè Egzekitif, Konsèy Zèv Atistik Eta New York la, te deklare, "Gwo ak ti Pwojè Kapital yo atire devlopman ekonomik alontèm pou Eta nou an lè yo kreye plizyè santèn djòb, sipòte biznis Main Street yo ak touris, epi fè pwomosyon angajman sosyal. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak lidè Eta nou an paske yo rekonèt wòl entegral espas atistik ak kiltirèl yo jwe nan ranfòsman ak revitalizasyon vil, komin, ak vilaj New York yo."

Katherine Nicholls, Prezidan Konsèy Zèv Atistik Eta New York la, te deklare, "Lè nou investi nan pwojè ki fè pwomosyon aksè, efikasite enèji, ak dirabilite, sa esansyèl pandan n ap rekonstui Eta New York epi vanse pou pi devan nan yon avni ki pi briyan toujou. Kèy Zèv Atistik la rekonèt difikilte ekonomik òganizasyon atistik ak kiltirèl yo te konfwonte pandan de ane ki pase yo. Nou fyè pou investi nan pwojè enspiran sa yo k ap alimante kwasans ekonomik epi fè pwomosyon vitalite nan kominote atravè Eta New York yo."

Benefisyè yo se:

Bushwick Starr (Vil New York) -Sibvansyon an ap finanse konstriksyon yon nouvo lokal espektak 5,000 pye kare nan Brooklyn epi bay Bushwick Starr yon mezon pèmanan pou atis ak odyans li yo.

Chenango County Historical Society & Museum (Southern Tier) -Finansman an ap sipòte restorasyon masònri ak prezèvasyon achitekti nan bilding istorik Ward School No. 2 a kote mize a dirije espas piblik li pou pwogramasyon sou istwa kiltirèl rich kominote li a.

The Hochstein School (Finger Lakes) - Lajan sibvansyon an ap sipòte renovasyon Espas Espetak Hochstein lan, yon espas atistik piblik istorik ki sèvi plizyè milye moun nan kominote Greater Rochester a.

Women's Studio Workshop (Mid-Hudson) - Finansman an ap sipòte restorasyon ak redevlopman yon mezon lwil voute an brik epòk ane 1800 yo an yon nouvo estidyo an seramik, estidyo edisyon liv atistik, ak senk espas estidyo pou lokasyon pou atis lokal yo.

Ou kapab jwenn lis konplè benefisyè yo [isit la](#).

Finansman Kapital NYSCA te investi jiska prezan bay yon total 50 milyon dola, yo te bay atravè twa faz finansman. Pami 88 pwojè atravè eta a ke NYSCA te sipòte anvan ane finansman yo, apeprè 50% prèske fini.

Senatè Eta a, José M. Serrano, te deklare, "Yon sektè atistik ak kiltirèl enpòtan anpil pou vitalite Eta nou an. Sibvansyon Kapital NYSCA yo ap fòtifye ekosistèm atistik eta

nou an, fè avanse pwojè irezistib ak inovan yo, apre de ane defi imans. Mwen fyè pou sipòte kwasans ak revitalizasyon òganizasyon san bi likratif atistik yo toupatou nan eta a, epi mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak NYSCA pou travay yo pou asire ke New York rete yon destinasyon kiltirèl k ap vibre."

Manm Asanble Danny O'Donnell, te deklare, "New York se yon fa mondyal pou zèv atistik ak kilti, epi chak dola ki envesti nan atizay sipòte djòb, kilti, ak kwasans ekonomik nan chak rejyon nan Eta New York. Pandemi an te fè limyuè epi te agrave difikilte grav ke sektè atistik ak kiltirèl la te fè fas, epi finansman Kapital vital sa ap pote transfòmasyon pou òganizasyon yo ak kominote yo. Travay benefisyè Kapital sa yo ranfòse ekonomi nou an, sipòte sante tout Nouyòkè epi anrichi lavi nou. Mwen fyè anpil ke Eta New York te leve kanpe epi bay sipò pou bezwen kapital depi lontan sektè atistik nou an. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul dèske li kontinye defann zèv atistik yo ak pou angajman li pou asire ke enstitisyon atistik ak kiltirèl nou yo pwospere nan rekiperasyon kolektif nou an"

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)